


Patisipe nan vizit vityèl ou a

Jwenn plis enfòmasyon sou vizit vityèl yo sou www.bostonchildrens.org/virtualvisits.

Mwen gen yon kont MyChildren's:


Prepare

- Jiska 7 jou anvan randevou ou a, ou ka fè anrejistreman elektwonik pou ranpli dokiman ki nesèsè yo.
- Nan rapèl randevou yo: Chwazi **Anrejistre Anliy**.
- Sou MyChildren's: Konekte epi chwazi onglè **Vizit** nan meni prensipal la. Nan pati anba Pwochen Vizit yo, chwazi **eCheck-In "Anrejistreman Elektwonik"**




Envite yon Envite

- Nan meni prensipal MyChildren's lan, chwazi onglè **Vizit**.
- Chwazi **Detay** pou pwochen vizit ou a.
- Chwazi **Gade epi Envite Patisipan**.
- Yo pral mande w pou mete yon adrès imèl oswa yon nimewo telefòn pou envite a.



Patisipe (*disponib 15 minit anvan vizit ou a*)

- Sou MyChildren's: Konekte epi chwazi onglè **Vizit** nan meni prensipal la. Nan pati anba Pwochen Vizit yo, chwazi **Patisipe nan Vizit Videyo a**.
- Nan rapèl randevou yo:
 - Si ou poko fin fè Anrejistreman Elektwonik la, rapèl yo ap dirije w nan Anrejistreman Elektwonik anvan ou ka patisipe.
 - Si ou fin fè Anrejistreman Elektwonik la, chwazi lyen **Patisipe nan Vizit Videyo a**.
- Zoom pral lanse, epi w ap nan yon sal datant vityèl jiskaske founisè w la rantre.



Mwen pa gen yon kont MyChildren's:

Prepare

- Si w resevwa yon lyen Anrejistreman Elektwonik, ou ka fè Anrejistreman Elektwonik pou ranpli dokiman ki nesèsè yo.

Patisipe/Envite yon Envite

- Inèdtan anvan randevou ou a, w ap resevwa yon imèl ak yon lyen Zoom. Pou envite yon moun, transfere lyen an.
- Zoom pral lanse, epi w ap nan yon sal datant vityèl jiskaske founisè w la rantre.



[Jwenn plis enfòmasyon sou MyChildren's sou sit entènèt nou an.](#)

Ou Bezwen Sipò? Rele Ekip Sipò nan Zafè Sante Digital nan 617-919-4396.

Nou disponib lendi, madi, mèkredi, ak vandredi soti 7 a.m. Pou rive 5:30 p.m.; jedi soti 7 a.m. Pou rive 6:30 p.m.; epi samdi soti 8 a.m. Pou rive 1 p.m. (ET).